

KISA SA VLE DI ENDETEKTAB ?

• Sa vle di kantite viris ki nan san w tèlman piti, tèl la pa ka mezire l. Se tèl chaj viral la ki fèt 3 mwa aprè lè w kòmanse pran medikaman ARV yo, k ap pèmèt nou konnen si kantite VIH la bese byen ba nan san w, epi di w si w vin endetektab.

ATANSYON

Endetektab pa vle di pa gen viris nan san w, li pa vle di ou geri. Alòs se pou kontinye bwè medikaman yo kòm sadwa pou w kapab toujou rete endetektab epi tou pou ris enfekte lòt moun rete ba.



CHAJ VIRAL WO



CHAJ VIRAL FÈB



CHAJ VIRAL ENDETEKTAB

KILÈ POU M FÈ TÈS CHAJ VIRAL ?

Ou gen pou fè tèl chaj viral VIH ou 3 mwa aprè lè w kòmanse pran medikaman ARV yo. Rezilta yo ap pèmèt doktè ak mis yo konn si tretman an ap mache.

Rezilta tèl chaj viral la pèmèt doktè a pran bon jan desizyon pou tretman kont VIH la tankou kilè pou chanje medikaman ou yo.

MESAJ LESPWA SOU VIH :

- **Tès VIH la vin pi pre w :**
 - Ou ka fè tèl la nan kominote a (ototès) oswa nan yon sant sante.
- **Si w gen ris pou trape VIH ou ka pran PrEP pou w rete VIH negatif:**
 - Tout moun ki gen ris pou trape VIH ka pran PrEP pou pwoteje tèt li.
- **Alèkile enfeksyon VIH la pa yon kondanasyon:**
 - Tout moun ki gen ris pou trape VIH dwe fè tèl VIH pou konnen kote yo kanpe.
 - Depi tèl la pozitif, ou ka koumanse ak tretman lapoula.
- **Medikaman yo rele ARV yo ap ede w viv byen ak enfeksyon VIH la :**
 - Yon grenn chak jou ap pèmèt ou rete ansante : nouvo medikaman yo pi fasil pou bwè e yo aji pi vit sou viris la. Si ou te abandone tretman w tounen prese prese pou ou rekòmanse.
 - Lè w byen pran ARV yo: ou kontinye mennen tout aktivite ak fanmi w, zanmi w, legliz ou oswa sosyete w.
- **Ou pa bezwen mache chak mwa lopital :**
 - Ou ka pran medikaman yo pou plizyè mwa (3-6 mwa) oswa yon ajan ka pote medikaman yo pou ou lakay ou oubyen nan kominote a (legliz, mache elatriye).
- **Lè chaj viral VIH la endetektab nan san w, ou paka bay lòt moun enfeksyon an nan fè bagay:**
 - Lè ou pran medikaman w kòm sadwa ou ede konbat epidemi VIH la tou.

Lidè kominotè lafwa yo ap potekole pou simaye mesaj lespwa nan kominote y ap sèvi yo pou kwape VIH !



**ENFÒMASYON
SOU VIH
AK MESAJ LESPWA**



ISPD

Angle Rue Clerveau et Darguin,
Building Hexagone, Etage 1
Pétion-Ville, Haïti



KISA VIH YE ?

VIH = VIRUS DE L'IMMUNO DÉFICIENCE HUMAINE

- VIH se yon viris ki atake tout selil ki pwoteje òganis moun kont enfeksyon. Selil sa yo rele CD4.
- Li detwi defans kò moun li atake a epitou li rann li frajil a tout kalite maladi.

KISA SIDA YE ?

SIDA : SYNDROME DE L'IMMUNO DÉFICIENCE ACQUISE

SIDA se dènve etap enfeksyon VIH la kote defans kò a febli anpil. Nan etap sa a, kò moun nan pa kapab konbat enfeksyon ankò paske viris la andomaje l. Sa vle di nan faz SIDA a, tout kalite maladi ka antre sou moun nan.

Moun kap viv ak viris VIH la nan san yo kapab rive nan etap SIDA si yo pa sou tretman oubyen si yo pa pran medikaman yo kòm sadwa.

KIJAN MOUN KA TRAPE VIH ?

MEN KIJAN YON MOUN KA PRAN VIH LA :

- Nan fè bagay san kapòt, oswa nan fè bagay ak kapòt dechire ak moun ki genyen viris la;
- Nan itilize menm sereng, razwa ak egwi ak moun ki genyen viris la;
- Yon fanm ki gen viris la e ki ansent kapab bay pitit li viris la pandan l nan vant, pandan l ap akouche oubyen pandan l ap bay pitit la tete.

KIJAN MOUN PAKA PRAN VIH ?


- Chita koze, louwe, danse, bay lodyans;
- Itilize menm sèvis tab tankou kiyè, asyèt elatriye;
- Sèvi nan menm twalèt, douch, bokit, vaz...
- Bay ak pran akolad, anbrase, kore.

KIDONK YON MOUN K AP VIV AK VIH PA REPREZANTE ANKENN DANJE POU LAVI LÒT MOUN KI NAN ANVIWONNMAN LI.

PA NEGLIJE L, PA IMILYE L, SIPÒTE L, VIV BYEN AVÈ L I

ENPÒTAN POU KONNEN : ENFEKSYON MOUN PRAN NAN FÈ BAGAY (IST YO) AK VIH SE KÒKÒT AK FIGAWO

- VIH mache men nan men ak tout lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay
- Gen kèk enfeksyon ki ogmante chans pou trape VIH la plis pase lòt tankou: Sifilis, èpès ak trikomonoz Yo ogmante ris pou trape oswa bay VIH lè w ap fè bagay san kapòt



KONPÒTMAN KI OGMANTE RIS POU TRAPE VIH OSWA YON LÒT IST

Chak fwa yon moun adopte youn nan konpòtman sa yo, chans pou l pran yon enfeksyon nan fè bagay ogmante

- Si w fè bagay san kapòt: chans ou ogmante
- Si w fè bagay san kapòt ak yon moun ki gen VIH e ki pa sou tretman
- Si w fè bagay ak plizyè moun : se kòm si w gen yon rezo transmisyon
- Si w fè bagay nan dèyè : ris la pi wo si se ou k ap resewva penis la
- Si w pran dwòg ak alkòl : tèt ou pa klè ou pran move dezisyon
- Si w resewva lajan oswa avantaj pou fè bagay: ou pa ka negosye kapòt la



SA W DWE KONNEN SOU TRETMAN VIH

- Medikaman pou konbat enfeksyon VIH la rele: **ARV= Antiretroviro**
- Yon sèl grenn pa jou ap ede w viv an sante. Li pi fasil e pi rapid. Li ede kò a goumen ak viris la.



POUKISA YON MOUN KI ENFEKTE DWE TOUJOU PRAN MEDIKAMAN'L ?

- ARV yo bloke viris VIH la, yo anpeche viris la kontinye multipliyè
- Li pa ka vin pi plis ankò nan kò moun nan, li pèdi nan fòs li. Li vin **Endetektab = VIH Entransmisib** ou pa ka bay lòt moun li nan fè bagay san kapòt.
- Ou rete ansante : anpil lòt maladi pa rive sou ou (tankou Tibèkiloz)
- Ou ale nan mwens vizit kay Doktè
- Ris pou w bay moun viris la viris la bese : fanm ansent yo fè timoun ki pa enfekte

RELE NAN 8724 LAJOUNEN KOU LANNUIT
Yon sèl NIMEWO pou tout gason
ka jwenn bon jan ENFÒMASYON sou SÈVIS SANTE